

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Modél pangajaran *Problem Based Learning* téh penting pisan digunakeun nalika nepikeun matéri pangajaran di kelas. Ku sabab salasihiji léngkah-léngkahna bisa ngarangsang siswa sangkan mikir kritis pikeun manggihan masalah nu karandapan dina pangajaran di sakola. Pangajaran basa Sunda di sakola teu leupas tina kaparigelan basa, salasihijina nulis. Nurutkeun Nurhadi dina Misra (2013, kc. 3) nulis mangrupa hiji prosés méré ide atawa gagasan dina wangun basa tulis nu mangrupa simbol-simbol basa atawa huruf. Matéri pangajaran nulis di kelas VIII jenjang SMP/MTs nu cocog pikeun ieu panalungtikan nyaéta nulis laporan peristiwa.

Prosés nepikeun matéri pangajaran basa Sunda di sakola teu leupas tina modél pangajaran nu dipaké ku guruna. Nurutkeun Fitriyani & Subrata (2013, kc. 2) pangajaran bakal leuwih ngirut lamun guru ngalarapkeun métode anu bisa nyieun siswa jadi aktif jeung teu bosen. Nurutkeun Cahyanti, spk (2019, kc. 2) pangajaran nu hadé téh nyaéta guru salaku fasilitator jeung siswa salaku objékna dina kalumangsungan prosés diajar ngajar. Kréativitas kudu bisa dirojong ku kaayaan lingkungan kelas jeung lingkungan nu kondusif. Digunakeunna métode pangajaran nu saluyu dipiharep bisa ngaronjatkeun motivasi jeung pamahaman siswa kana matéri (Rahmawati, spk. 2013).

Tina sababaraha modél pangajaran, ieu panalungtikan ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning* anu miboga harepan bisa jadi tarékah pikeun siswa sangkan leuwih ngaronjat dina kamampuh nulis. Nurutkeun Rusman (2012, kc. 229) nétélakeun yén modél pangajaran anu bisa dimekarkeun ngaliwatan kaparigelan cara mikir siswa (nalar, komunikasi, jeung konéksi) dina ngaréngsékeun masalah nyaéta *Problem Based Learning*. Sedengkeun tujuan tina ieu modél téh nyaéta 1) ngawasa eusi tina élmu pangaweruh anu sipatna multidisipliner, 2) ngawasa kaparigelan proses jeung disiplin heuristic, 3) diajar kaparigelan dina ngaréngsékeun masalah, 4) diajar kaparigelan kolaboratif, jeung 5) diajar kaparigelan kahirupan nu leuwih lega.

Di jaman kiwari, masalah anu karandapan ku siswa dina nulis laporan paristiwa nyaéta kamampuh adegan basa, éjahan jeung eusi nalika nulis laporan paristiwa. Nurutkeun Setyawan (2015, kc. 2) nétélakeun yén masalah nu karandapan dina prosés diajar nulis laporan paristiwa téh nyaéta niléi KKM siswa nu masih kénéh kurang jeung modél pangajaran nu dipaké ku guru nalika nepikeun matéri pangajaran nulis laporan ngan métode ceramah hungkul. Nurutkeun Fitriyani & Subrata (2013, kc. 2) nétélakeun yén masalah nu kapanggih nyaéta kurangna kagiatan pangajaran anu bisa ngamotivasion siswa pikeun nulis. Siswa masih ngarasa hésé pikeun nepikeun ide dina wangun tulisan, ogé sok bingung ngamimitian nulisna. Sedengkeun nurutkeun Winduri, spk (2017, kc. 2) rendahna kaparigelan nulis siswa, matéri di kelas nu masih monoton ogé jarang ngagunakeun métode pangajaran. Nurutkeun hasil wawancara jeung guru Bahasa Sunda di SMP Negeri 2 Bandung nu dilaksanakeun kaping 11 Nopémber 2019 nyaéta Bu Dra. Hj. Idar Hamdiana, masalah nu karandapan nalika nulis laporan paristiwa di sakola hususna SMP Negeri 2 Bandung di antarana kurangna kamampuh siswa dina milih kosa kecap, sabab sok kamalayan kénéh jeung siswa teu bisa ngabédakeun *é*, *e*, jeung *eu*. Tina sababaraha pedaran masalah di luhur, katitén yén pangaweruh ngeunaan éjahan, milih diksi atawa kecap nu merenah téh masih kénéh kurang.

Dina kurikulum 2013 disebutkeun yén aya 22 kompetensi dasar (KD) anu kudu dikawasa ku siswa dina ngaronjatkeun kaparigelan basa jeung sastra jenjang SMP/Mts. Salah sahijina di kelas VIII aya pangajaran nulis laporan paristiwa, anu kompetensi dasarna anu kodena *3.8 Memahami dan mengidentifikasi struktur teks dan aspek kebahasaan laporan peristiwa*. (Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal k13 Revisi 2017). Pernyataan di luhur ngandung harti yén pangajaran nulis laporan paristiwa téh kalintang pentingna jeung kudu diajarkeun ogé ditepikeun kalayan bener jeung mikabutuh pamahaman anu jero. Tapi, dina prosés pangajaranna aya sababaraha masalah anu karandapan ku siswa. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén masalah anu karandapan ku siswa nalika nulis laporan peristiwa téh nyaéta: (1) siswa hésé néangan ide nalika nulis, (2) kamampuh milih kecap

atawa diksi siswa masih kénéh kurang sabab masih kamalayan, jeung (3) siswa can bisa ngabédakeun é, e jeung eu.

Hasil panalungtikan nu aya patalina jeung ieu panalungtikan di antarana Suyanto & Nafiah (2014, kc. 17) nétélakeun yén ngaronjatna hasil diajar siswa sanggeus dilarapkeunna modél *Problem Based Learning* nyaéta 31,03%. Jumlah siswa anu bisa ngahontal niléi KKM nyaéta 29 siswa atawa 100%. Lian ti éta, aya ogé panalungtikan séjén nu kungsi dilaksanakeun ku Romadhoni, spk. (2017, kc. 6) nétélakeun yén aktivitas diajar siswa ngagunakeun modél *Problem Based Learning* dibarengan ku media CD asup kana katégori aktif.

Hasil panalungtikan dina wangun skripsi di antarana Nisa (2016) anu judulna “*Modél Group Investigation Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Laporan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-6 SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)*” anu nguji modél *Group Investigation* ngaliwatan matéri nulis laporan. Hasilna nyaéta ngaliwatan diskusi grup kamampuh mikir siswa bisa jadi leuwih kréatif tur inovatif. Panalungtikan nu dilaksanakeun ku Wulandari (2016) “*Modél Pangajaran Picture and Picture dina Pangajaran Nulis Laporan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-C SMP Negeri 26 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)*” ngaguar yén kamampuh siswa dina nulis laporan bisa ngaronjat nalika ngagunakeun métode *picture and picture*.

Sasaruaan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Nisa (2016) ogé ku Wulandari (2016) nyaéta matéri pangajaran nulis laporan siswa kelas VIII anu dijadikeun salaku objék panalungtikan sarta nalungtik ngeunaan adegan basa, éjahan, eusi, jeung struktur eusi anu teu merenah nalika nulis laporan peristiwa. Sedengkeun bébédaan dina ieu panalungtikan mah nyaéta modél pangajaran nu digunakeun nyaéta *Problem Based Learning*.

Pikeun ngungkulan masalah dina ieu panalungtikan, ku kituna maké modél pangajaran *Problem Based Learning*. Dimana dina ieu modél bakal dipedar kumaha cara urang ngumpulkeun masalah, nepikeun masalah, nepikeun solusi jeung évaluasi pangajaran.

Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “*Modél Pangajaran Problem Based Learning dina Pangajaran Nulis Laporan Peristiwa (Studi Kuasi Ékspérimén ka*

Siswa Kelas VIII-A DI SMP Negeri 2 Bandung Taun Ajar 2019/2020)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan téh nyaéta, kurangna kamampuh siswa dina nulis laporan peristiwa, di antarana nyaéta siswa masih kénéh hésé milih kecap nu saluyu pikeun bahan tulisan anu ngabalukarkeun loba siswa anu can bisa ngagunakeun kosa kecap nu merenah nalika nulis laporan peristiwa, masih kénéh kamalayan jeung hésé néangan ide anu luyu jeung eusi.

Kurangna kamampuh guru dina ngondisikeun kelas jeung métode dina ngajar anu teu variative, anu ngabalukarkeun rendahna motivasi jeung kahayang siswa nalika diajar di jero kelas. Ku kituna, diperlukeun modél pangajaran anu luyu, salasahijina ngagunakeun modél *Problem Based Learning* dina pangajaran nulis laporan peristiwa ka siswa kelas VIII A di SMP Negeri 2 Bandung.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu dihandap.

- a. Kumaha kamampuh nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII-A SMP Negeri 2 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning*?
- b. Kumaha kamampuh nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII-A SMP Negeri 2 Bandung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning*?
- c. Kumaha tingkat kamampuh nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII-A SMP Negeri 2 Bandung sanggeus dilarapkeunna model pangajaran *Problem Based Learning*?
- d. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII-A SMP Negeri 2 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, anu baris diébréhkeun ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun larapna model pangajaran *Problem Based Learning* dina pangajaran nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII A SMP Negeri 2 Bandung taun ajaran 2019/2020.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII A di SMP Negeri 2 Bandung saméméh dilarapkeunna modél pangajaran *Problem Based Learning*.
- b. kamampuh nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII A di SMP Negeri 2 Bandung sanggeus dilarapkeunna modél pangajaran *Problem Based Learning*.
- c. tingkat kamampuh nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII-A SMP Negeri 2 Bandung sanggeus dilarapkeunna model pangajaran *Problem Based Learning*.
- d. bébédaan anu signifikan kamampuh nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII A di SMP Negeri 2 Bandung saméméh jeung sanggeus dilarapkeunna modél pangajaran *Problem Based Learning*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, anu baris diébréhkeun saperti ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mekarkeun modél pangajaran basa Sunda dina opat aspék kaparigelan basa nyaéta ngaregepkeun, maca, nyarita jeung nulis. Anu hususna dina pangajaran nulis laporan peristiwa.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis saperti ieu di handap.

- a. Pikeun siswa sangkan bisa ngaronjatkeun motivasi diajar siswa dina pangajaran nulis, hususna dina nulis laporan peristiwa anu mangrupa hasil diajar-ngajar ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning*.
- b. Pikeun guru basa Sunda sangkan bisa maluruh ngeunaan alternative modél pangajaran basa Sunda, hususna pangajaran nulis, anu salah sahijina ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning* dina pangajaran nulis laporan peristiwa.
- c. Pikeun panalungtik nyaéta bisa nambahan pangaweruh dina ngalarapkeun modél pangajaran anu éféktif dina pangajaran basa Sunda jeung mikanyaho kaéféktifan modél pangajaran *Problem Based Learning* sasrta pangaruhna pikeun siswa dina nulis laporan peristiwa.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika dina nyusun skripsi bias diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, nu ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, nu ngawengku ngeunaan ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Ulikan tiori anu ngawengku wangenan modél pangajaran, modél pangajaran *Problem Based Learning*, wangenan nulis, wangenan laporan jeung sagala hal anu aya patalina jeung matéri pangajaran.

Bab III Méthode Panalungtikan, nu ngawengku méthode panalungtikan, anu ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik nganalisis data ngagunakeun *software SPSS PASW versi 18. Statistical Product and Service Solutions (SPSS)*.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, nu eusina ngeunaan kamampuh nulis laporan peristiwa siswa saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Problem Based Learning*, kamampuh nulis laporan peristiwa sabada dilarapkeun modél pangajaran *Problem Based Learning*, béda kamampuh nulis laporan peristiwa siswa saméméh jeung sanggeus dilarapkeunna modél pangajaran *Problem Based*

Learning, sarta pedaran hasil panalungtikan modél pangajaran *Problem Based Learning* dina pangajaran nulis laporan peristiwa.

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Rékoméndasi, nu ngawengku ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi jeung rékoméndasi ti penyusun.